Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 18 (7522)
21 апрель
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Аппараталъул данделъи

## Ярмарка букIине буго



Араб анкьалда букIараб аппараталъул данделъиялъе нух малъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гьоркьор лъуна администрациялъул аппаратaлда гьабсагIаталда цере чIарал масъалабазда хурхарал суалал. Гьединго отделазул нухмалъулез бицана цебехун гьабураб хIалтIул.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна гьабсагIаталда байбихьулеб бугеб туристазулаб сезоналде. БетIерасул тIадкъаялда рекъон тIад чIарал хал гьарият тIоритIулел руго муниципалитеталъул территориялда ругел туристазул объектазде, гьезие ва бакIалъулал гIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхун. Гьединго суал хъатIана районалда ралел ругел бакIаздаги.

ГIагараб заманалда районалда гьаризе ругел халкъиялгун культуриял хIалтIабазда тIадчIей гьабуна отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас.

Данделъиялда 26 апрелалда, ай КIал биччан Къо щвелалде цоги нухалъ росдал магIишаталъул ярмарка гьабизе бугин бихьизабуна. Гьениб гIодорегIанал багьабазда ричизе руго батIи-батIиял бакIалъулаб продукция, нилъерго гIадамаз гIезабураб.

Субботник

## ЖКХялъул захIмалъаби лъугIиялъе



I9 апрелалда муниципалитеталъул бетIерасул зам. Къ-М. ХIасановас «УСЭЗ ва ЖКХ» организациялъул хIалтIухъабазул хIалтIулаб данделъи тIобитIана. Къойил темаялде босун букIана чанго Россиялъул МВДялъул СОГалъул мухъалда, общежитиялда ва районалъул администрациялъул территориялдаги гьоркье лъим унеб букIиналъул суал. Лъалеб букIахъе Шамильхъалаялъул поселокалда тIатана цо-цо объектазде гьоркье лъим унеб букIин ва канализациялъул трубабазе зарал ккун букIинги. ГьебсагIатго хIукму гьабуна ремонталъулал хIалтIаби гьаризе.

(Ахир 2 гьумералда)

## Коммуналиялгун социалиял объектал раялъул суалгун



I5 апрелалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал Хъ-М. ГIабдулхаликъов, М. ХIамзатов, бетIерасул замасул ишал тIуралев Къ-М. ХIасанов, финансовияб отделалъул начальник Ж. Шамсудинов, райадминистарциялъул бетIерав архитектор ХI-М. ГIабдурахIманов, «ЕИС» МБУялъул начальникасул ишал тIуралев Х. ХIайбулаев.

Байбихьуда данделъиялда гьоркьоб лъуна районалда коммуналиябгун социалиял инфраструктураялъул объектал раялъул. Гьел ккола Майданскиялда ФОК бай, Балахьуни СОШ бан рагIалде бахъинаби, МокIсохъ ФАП бай, ХъахIабросдал школа бан рагIалде бахъинаби, Унсоколо 90 чиясе бакI бугеб ясли-ах лъугIизаби, Шамильхъала поселокалда 800 лъимадуе бакI бугеб школа бай, 300 бакI бугеб модульнияб ясли-ах лъей. Гьенир гьабсагIаталда хIалтIаби унелги руго.

Гьенибго бицана лъим чIезабиялъулги; лъим бачунел рогIразе ва станциязе реконструкция гьабиялъул, гьединго Шамильхъалаялда очистительнияб сооружение баялъулги. Хадубги лъим чIезабиялъул ва очистительнияб сооружение баялъул суал борхана Майданское росдал, Унсоколо росулъги лъим бачунел рогIразул жанисеб разводка гьабун рагIалде бахъинабизе ккола ва Рихьуни росулъ очистительнияб сооружение гьабизе хIисабалде босана, лъим бачиналъул хIалтIаби гьаризе руго Генуб росулъги.

Гьел суалазда хурхун рижарал суалазе тIуразарулеб заман чIезабуна ва жавабиязе чIванкъотIарал тIадкъаял кьуна.

## Налогазул суалалгун



I4 апрелалда районалъул администрациялда букIана налогазда хурхун районалъул бюджеталъул учреждениял-организациязда налогазул налъаби лъугIизариялде буссараб данделъи. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Лъугьун ругел налъабазул дандразе ва гьелъулъ ругел захIмалъаби лъугIизариялъе ресал ратизе ахIун рукIана лъай кьеялъул школазул директорал, бюджеталъулал учреждениязул нухмалъулел ва цогидалги хадуб налъи ва пеня лъолел сияхIалда ругел гIадамал.

Хъ. ГIабдулхаликъовас тIадчIей гьабун бихьизабуна кинаб букIаниги налъи организациязда тIад букIине кколарин. «Гьелъул рахъалъ кутакалда кьварун ва чIванкъотIун лъазабуна данделъиялда регионалъул БетIер Сергей Меликовас. Унел руго чIахIиял харжал. Штрафал кьей, пеня бахъи бюджеталъул гIарцудасан ине бегьуларо. Гьел лъугIизариялъе гIарац киса нужеца балагьизе бугеб? Щай гьанжелъизегIан гьел суалал тIуразаричIел?»,-ян тIадчIей гьабуна Хъ. ХIажиевичас.

ХIукму гьабуна гIарац цIидасан бакIаризе налъукье ккараздаса ва лъугьараб хIалалъул хIисаб кьезабизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 18 (7522)
Хамиз
21 апрель 2022 сон



**«Кавкаz za наших» ахIигун**

Жакъа улкаялъул киналго патриотикиял къуватаз хIаракаталда рахъ кколеб буго жидерго пачалихъияб ва рагъулаб налъи Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул налъи тIубалел рагъухъабазул. Акциялда районалъул АТКялъул, райадминистрациялъул, гIолилазул отделалъул хIаракатчагIаз киса-кибго нуцIбузда, автомашинабазда, компьютеразда, ричарулел бакIазда цогидалги объектазда седана «Кавкаz za наших» хештегалгун стикерал



Рищиязул ихтиярал

# Рищиязда хурхун муниципалияб этап



Гьанжесел лъималазе ихтияр буго правоялъул рахъалъ. Бищунго цебе рищиязул бицен ккедал жидерго педагогазда гьез гьикъула рацIцIадго, кинабго ритIухъго унищ гьел, хIакъикъаталдаги цIикIкIарал гьаркьалги щун бергьунищ цIикIкIарал гьаркьал щварал гIадатиял гIадамал?,-абун. Гьел ва цогидалги рищиязул ихтияразда хурхарал ва цогидалги суалал ратула обществознаниялъул дарсазулъ. Тарихалъул ва общество лъазабиялъул учительница ХIайбулаева Бика МухIамадовналъ бицана; гьанже лъимал ругин кутакалда пикру цебетIурал ва кьолин кутакалда гъваридал суалал. Гьединлъидал гьаб олимпиадаялде хIадурлъизе захIматго букIинчIин, гьелъул гIаксалда кутакалда гъира балеблъун букIанин.

РукIинесел рищулезул гьелдехун лъайгун гъира цIикIкIиналъе Дагъистан Республикаялъул Рищиязул Комиссиялъ план гьабун буго 2022 соналъе рукIинесел гIолохъанал избирателазул ихтиярал цIуниялъе цере ругел рищиязда. Гьединал тадбиразул цояб ккола школлъималазда гьоркьоб избирательнияб правоялда хурхун тIобитIулеб ТIолгороссиялъул олимпиадаги. I2 апрелалда районалъул ТИКалъ ва лъай кьеялъул отделалъ тIобитIана Шамильхъалаялда гьелъул муниципалияб этап.

Муниципалияб этапалда гIахьаллъана Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул I0-II классазул цIалдохъаби. Лъималаз гъираялда жавабал кьолел рукIана рищиязул ихтияразда хурхун ругел суалазе.

Олимпиадаялъул хIасилазда рекъон цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна II классалъул цIалдохъан Марьям МухIамадхайировалъ. Гьелъ росана бищунго цIикIкIарал баллал-49. I0 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб муниципалияб этапалда 47 бал босана Карим Басировасги.

ЦIалдохъабазда олимпиадаялда росарал лъикIал хIасилал ва бергьенлъаби баркана бетIерасул зам. Къ-М. ХIасановас. Гьес гIолел избирателазе гьарана киналго ишазулъ бергьенлъаби.

Гьединго бергьаразе кьуна дипломал. Ахиралда ракIалде щвеялъе рахъана суратал.

Баркала загьир гьабула Шамильхъалаялъул школалъул педагог Бика МухIамадовналъе олимпиадаялде цIалдохъаби лъикI хIадурараллъухъ. Гьарула нилъер гIолохъанал избирателазе, хасго бергьаразе олимпиадаялъул республикаялъулаб этапалда лъикIал хIасилал!

## ЖКХялъул захIмалъаби лъугIиялъе

Заман бан басралъарал канализациял хисиялъе трубаби росун руго. Гьединго хисизе руго лъел сеталги.

ХIукму гьабуна гьабсагIаталда лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъухъ балагьун гьеб микрорайоналда ремонт лъугIизе лъабго къо хIутIараб мехалъ лъим биччазе. ХIалтIаби унел къояз гьеб территориялда ругезе лъим чIезабизе буго водовозаз баччун.

Данделъиялда суал борхун букIана районалда кIвар бугел бакIал ва хIорил рагIаллъаби рацIцIад гьариялъе кIудияб субботник тIибитIизе. Гьеб гьабизе хIисабалде босун буго 23 апрелалда. Субботаялъ лъадал рагIаллъаби рацIцIад гьариялъул акциялда гIахьаллъизе руго I50 республикаялъул бутIаялдаса жидеего бокьун рачIунел, волонтерал, гьединго РДялъул туризмалъул Министерствалъул вакилзаби.

Жигараб гIахьаллъи субботникалда гьабизе буго ГIашилтIа, Рихьуни, Генуб, Майданское, ГьаракIуни росабазул гIадамаз, районалъул ЖКХялъ ва цогидазги. Субботникалда гIахьаллъизе бегьула бокьарав чи.

**Украина**

# Инсаниятго балагьун чIун буго

Доб гучаб СССР биххарабго кибго дунялалдаго гIемерал хиса-басиял ккана. Ельцинил ургъичIого рехарал «Бокьараз бокьараб тIаса бище,-ян ва кIвараз кIвараб гьабе,-ян» абурал рагIабаз цIар лъезе лъалареб хIапу-чапур гьабуна. Ельцинилги, Кравчукилги, Кучмалги нухмалъиялда гъоркь рикь-рикьана СССРалда гъорлъ рукIарал пачалихъал. Аслияб къагIидаялда хъулухъалги къваригIарал, тIадчилъиги хIажатал лъугьана одеяло жидедего цIазе. ГIуцIизе байбихьана чанго партиял ва багъа-бачариял. Американаялъул политикаялъ ва тIадчагIаз дунялалдаго гIадин хIаракат бахъана нилъер жанисел «гьересиял патриоталгун» рекъон СССР биххизабизе. Гьезда гьеб бажарана. Хадубги Американалъе хIажалъана Россияги гьединго бикьа-къотIизе. В. В. Путин бетIерлъуде ккаралдаса дагь-дагьккун Россия цебе тIезе лъугьана, хасго яргъил къуватазул рахъалъ. Россиялъул цебетIейги бихьун БакътIерхьулги Европаялъулги пачалихъазда ракIалде ккана Россия тIубанго тIагIинабизе, ай гьезда бичIчIана В. Путин бетIерлъуда вукIаго жидерго къадру-къимат гIодобе ккколеб букIин. Гьебги лъан гьез хIаракат бахъана ва бахъулебги буго яргъилал къуватаз Россия сверун кквезе. Аслияб



къагIидаялъ Американаялъул нухмалъиялда гъоркь гьез Украина лъугьинабуна Россиялде данде чIезе кIолеб пачалихълъун. Гьединго гьал ахирисел саназ США ялъ ва Европаялъ хIаракат бахъана Белоруссиялда ва Казахстаналда багъа-башариял гьаризе ва Украиналда гIадин гьенирги низамал хвезаризе. Амма гьазда гьеб бажаричIо, щайгурелъул Россиялъ кумек гьабун. Американаялъ гьебги бихьун хIаракат бахъана киналго Европаялъул пачалихъал цолъизарун цадахъ рекъон Россиялда тIаделъизе. Украинаги хIалае ккун Бакъбаккул улкабаз Европагун цадахъ байбихьана Украиналде батIи-батIиял тайпабазул ярагъ рехизе, кумекалъе дунялалъулго бакI-бакIаздаса гIарцухъ ккурал чIвадурухъабиги гьенире ахIизе.

Жакъа бихьулеб буго нилъеда гьениб бугеб лъикIаб гьечIеб ахIвал-хIал. Россиялъулазе хIажат буго ракълилал гIадамазе дагъаб зарал гурони кколареб куцалъ чIвадарухъабазда ва националистазда тIад михир бачине ва кьаби щвезабизе. Гьеб бихьулеб буго дунялалда ругел киналго пачалихъазда, амма Американалдаса хIинкъун нахъе кIанцIун чIун руго. Гьебищха ритIухълъи ва гIаданлъи?. Гьел рагIаби инсаниятлдаго кIочон тун ругилан абуниги мекъи ккеларин ккола.

Нилъер дол алигархал, гьерсихъаби-патриотал, хамелеонал кир ругел гьанже. Россиялдаги чанго «вахьна» валагьун чIун ватила Украиналда нилъерал къезе бокьун. Гьеле гьединазха доб гучаб СССР биххизабураб. Дида ракIалде ккола гьал алигархал дунялалда рукIаго багъа-бачарияллъугIизе гьечIилан. КIиабизеги яхI-намусалде данде гIарац цебе гьабулеб бугони, нилъ мекъи ккезе руго. СССРалъул заманалдаго гIорхъалабиги рагьун байбихьана ресалда ругелщиназ жидерго лъимал ва гIага-божарал къватIисел пачалихъазде цIализе ритIизе, гьенирго хIалтIизе тезе. ХIисаб гьабеха щал гьениса тIад руссун рачIинел? Гьеле гьединаз, ай доз куцараз гурищ тIад руссун рачIаралго аниб багъа-бачари гьабулеб бугеб.

Нилъеда телевидениялдасан рагIана, газетазда хъван буго США ялъул президентас нилъер президент Путинида чIвадарухъанилан абулеб. Щайха нилъераз ва СМИяз абулеб гьечIеб Байденида чIвадарухъанги мун вуго, гьерсихъанги мун вуго, бидулавги мун вугоян, нижер президент В. Путин мун гIадинав рагIиги ккоарев, абураб жоги букIунарев чи гурилан.

Америка чан нухалъ абуниги жидерго мацI гьечIеб халкъ буго. МацI гьечIони, гьел цо заманалдасан чара гьечIого лъугIизеги руго.

Дица гIажаиблъи гьабула Украиналъул нухмалъулездаги. I0000 км. рикIкIадаб бугеб США ялъул зурмихъе кьурдизе бегьулел руго ал, мадугьалихъ ругел, бокьараб мехалъ кумек гьабизе нилъги ратулелъул, цадахъ рекъон гIумро гьабизе бегьунгутIи дида кинго бичIчIуларо.

ГIарац. Гьеле гьаб заманаялъ хьвадулеб ва хIалтIулеб бугеб жо. Чи чIвайги, инжит, къабихI гьавиги гIадатлъун лъугьун буго киса-кибего. Ресалде вачIанагIан чиясул иманияб рахъ загIиплъулеб буго,



гьеб загIиплъанагIан рагъ-кьалги, чIвай-хъвейги, наркотикал хIалтIизариги, бугьтан-гъибатги дагьлъизе гьечIо.

Аллагьас цIунаги нилъ квешабщиналдаса, къуват кьеги нилъее БетIергьанас нафс квегъизе ва лъикIаб гIамал-хасият куцазе.

**С. МУХIАМАДОВ**
**Нижер штаталда гьечIев мухбир.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 18 (7522)
Хамиз
21 апрель 2022 сон

3 гъумер

**Садовод**

Страница в номере



# Профилактика экстремизма и терроризма

В настоящее время экстремизм и терроризм являются реальной угрозой национальной безопасности Российской Федерации. Экстремизм - это исключительно большая опасность, способная расшатать любое, даже самое стабильное и благополучное, общество.

Одним из ключевых направлений борьбы с экстремистскими и террористическими проявлениями в общественной среде выступает их профилактика.

Особенно важно проведение такой профилактической работы в среде молодежи, так как именно молодое поколение, в силу целого ряда различных факторов, является наиболее уязвимым в плане подверженности негативному влиянию разнообразных антисоциальных и криминальных групп. Социальная и материальная незащищенность молодежи, частый максимализм в оценках и суждениях, психологическая незрелость, значительная зависимость от чужого мнения - вот только некоторые из причин, позволяющих говорить о возможности легкого распространения радикальных идей среди российской молодежи. Между тем, данные идеи в молодежной среде получают значительное распространение.

Лидеры экстремистских группировок различного толка завлекают молодежь в свои объединения, часто обещая ей легкое решение всех проблем, в том числе и материальных. Неокрепшие молодые умы зачастую даже не задумываются о том, что участвуя в деятельности подобных формирований, они не только не решают свои существующие проблемы, но и создают себе многочисленные новые, по сути, уничтожают свое будущее.

Безусловно, проводить профилактику экстремизма и терроризма среди молодежи намного выгоднее, чем ликвидировать последствия подобных явлений. Можно, в частности, предложить следующие действия, направленные на уменьшение радикальных проявлений в молодежной среде.

Первое - проведение комплексных мероприятий по формированию правовой культуры в молодежной среде. В частности, этому могло бы способствовать существенное расширение юридической составляющей в воспитании и образовании. Знание своих собственных прав и свобод будет способствовать развитию у молодого поколения чувства уважения к правам и свободам других лиц, в том числе к их жизни, здоровью и достоинству.

Второе - воспитание у молодежи толерантного мировоззрения, терпимого отношения ко всем людям, вне зависимости от их национальности, религии, социального, имущественного положения и иных обстоятельств. Часть 2 статьи 19 Конституции Российской Федерации запрещает любые формы ограничения прав граждан по признакам социальной, расовой, национальной, языковой и религиозной принадлежности. И у каждого человека с детства должна закладываться мысль о том, что нужно уважать всех людей, независимо от каких - либо обстоятельств, нельзя делить людей по любым признакам. Это поможет противодействовать различным видам религиозного, национального и социального экстремизма.

Третье - совершенствование вопросов досуга и отдыха молодежи. Не секрет, что многие молодые люди попадают в различные радикальные организации во многом, из-за отсутствия желания, а нередко и возможности проводить свое свободное время с пользой для души и тела. В частности, государству необходимо заботиться о том, чтобы не только в крупных городах, но и в самых небольших населенных пунктах активно действовали клубы, дома культуры, кинотеатры, музеи и другие социально-культурные заведения. Необходимо также активнее пропагандировать в молодежной среде здоровый образ жизни, занятия спортом и физической культурой. Важно заметить, что перечисленные мероприятия должны быть доступны всей молодежи и в материальном плане.

Четвертое - повышение уровня социальной и материальной защищенности молодежи, помощь в трудоустройстве молодых специалистов, поддержка жилищных программ для молодежи.

Данные меры помогут молодым людям осознать, что государство заботится о них, и нет необходимости совершать противозаконные действия.

Наиболее эффективным средством массового информационного воздействия террористов на молодежь в последнее время становится Интернет. Причины популярности Интернета преступниками - легкий доступ к аудитории, обеспечение анонимной коммуникации, слабое регулирование этого вопроса на государственном уровне, глобальное распространение, высокая скорость передачи информации, дешевизна и простота в использовании, мультимедийные возможности.

Экстремистские ресурсы широко используют средства психологической войны, в том числе дезинформацию, запугивание, манипуляцию общественным сознанием, подмену понятий и фактов. На интернет-ресурсах террористических организаций освещается психологический ущерб, наносимый государствам-объектам атаки в результате терактов.

Террористические организации, в том числе действующие в России, используют Интернет для вербовки новых членов, включая террористов- смертников из числа как исламистов, так и экстремистски настроенной молодежи с целью привлечения их сначала в радикальный ислам, а затем и в противоправную деятельность. Кроме того, Интернет используется для формирования лояльно настроенной среды, играющей активную роль в поддержке террористических организаций.

В настоящее время во всемирной сети представлены практически все типы организаций, применяющих в своей деятельности экстремисткие и террористические методы. Число сайтов, содержащих материалы экстремистского характера, превышает семь тысяч, в том числе более ста пятидесяти русскоязычных, и оно постоянно растет.

Спецслужбами и правоохранительными органами фиксируется использование идеологами террористических организаций все новых и новых средств коммуникации для наибольшего охвата аудитории. Так, параллельно с развитием сервисов мобильной связи делает доступными скачивание экстремистской литературы на мобильный телефон, соответствующие E-mail, MMS и SMS-рассылки и т.д.

Наряду с использованием новейших информационных технологий экстремисткими и террористическими организациями в целях вербовки молодежи также задействуются и традиционные каналы социального взаимодействия.

Значительным идеологическим ресурсом экстремистов, террористов и бандподполий является обучение молодых граждан России в зарубежных теологических учебных заведениях. Основная категория обучающихся - молодые люди в возрасте 20-25 лет.

Для противодействия этим негативным тенденциям органы государственной власти, местного самоуправления с привлечением возможности гражданского общества должны сосредоточить свои усилия на работе по следующим направлениям:

- информационно-аналитическое обеспечение противодействия терроризму и экстремизму (выпуск всевозможных памяток, брошюр, книг, обращений, плакатов, социальной рекламы, объективные публикации в прессе о деятельности правоохранительных органов, оперативных штабов и антитеррористических комиссий, создание тематических документальных фильмов и видеороликов и т.д.);
- пропагандистское обеспечение (своевременное доведение объективной информации о результатах деятельности в указанной сфере); контрпропагандистское (адекватная и своевременная реакция на дезинформацию, выступления, высказывания прекративших свою преступную деятельность главарей бандформирований, распространение листовок и пропагандистской литературы);
- идеологическое (формирование религиозной и межнациональной терпимости, патриотизма, здорового образа жизни, приоритетов общечеловеческих ценностей и т.д.);
- организационное (содействие деятельности общественных и религиозных объединений традиционной конструктивной, в том числе антитеррористической, направленности; взаимодействие со СМИ, проведение конференций, слётов, «круглых столов», конкурсов на лучшие материалы антитеррористического характера и т.д.);
- образовательное направление (создание системы подготовки специалистов, в том числе из числа гражданских лиц, в области информационного противодействия терроризму).

Подобную работу следует вести наступательно, в том числе отстаивая интересы России в этой области на международном уровне.

**С. С. Саидов**
**Следователь СГ ОМВД России**
**по Унцукульскому району, лейтенант юстиции**

# Выплата на детей от 8 до 17 лет: самое актуальное!

**Уже с 1 мая семьи с невысокими доходами могут оформить новую выплату на детей. Ответы на самые популярные вопросы представили в Пенсионном фонде Дагестана.**

**Куда подавать заявление?**

Обратиться за ежемесячной выплатой можно будет с 1 мая 2022 года, направлять заявление ранее этого срока нецелесообразно, так как до этого срока в настоящее время рассмотрение заявлений проводится по правилам, действующим для одиноких родителей при наличии решения суда о назначении алиментов.

Ежемесячная выплата на детей с 8 до 17 лет устанавливается с 1 апреля. Выплату назначат при подаче заявления в мае, начиная с 1 апреля 2022 года, при условии, если ребенку исполнилось 8 лет, но еще нет 17 лет. В этом случае первая сумма придет сразу за два месяца (апрель и май).

Заявление, начиная с мая, можно будет подать через портал госуслуг, после того, как соответствующая форма появится на ЕПГУ, а также лично в ПФР или через МФЦ.

**Кто имеет право на выплату:**

Право на получение ежемесячной выплаты имеет один из родителей или иной законный представитель ребенка, являющийся гражданином Российской Федерации и постоянно проживающий на территории Российской Федерации, при условии, что ребенок также является гражданином Российской Федерации и постоянно проживает на территории Российской Федерации.

**Как будет рассчитываться размер новой выплаты?**

Базовый размер выплаты составляет 50 % регионального прожиточного минимума на ребёнка. Сумма прожиточного минимума в Дагестане – 11 тысяч 499 рублей.

Если при назначении выплаты в размере 50% регионального прожиточного минимума на ребёнка среднедушевой доход семьи меньше прожиточного минимума, выплата будет назначена в размере 75% регионального прожиточного минимума на ребёнка.

Если при назначении выплаты в размере 75% регионального прожиточного минимума на ребёнка среднедушевой доход семьи меньше прожиточного минимума, выплата будет назначена в размере 100% регионального прожиточного минимума на ребёнка.

Чтобы получать выплаты необходимо иметь банковский счет, привязанный к карте «МИР».

Данные о величине прожиточного минимума для детей по регионам представлено в приложении.

**Как рассчитать среднедушевой доход всех членов семьи**?

Формула расчета такая:

Доходы всех членов семьи за 12 месяцев, предшествующих 4 месяцам до месяца обращения /12 / Количество всех членов семьи (например, в доходе учитываются 12 месяцев 2021 года, при условии обращения в мае и тд.)

**Что будет учитываться при назначении выплаты?**

Эта выплата, как и другие меры для поддержки нуждающихся семей, будет назначаться по итогам комплексной оценки нуждаемости. То есть, будут учитываться доходы, имущество и наличие заработка или объективных обстоятельств его отсутствия (правило «нулевого дохода»).

Если в семье несколько детей этой возрастной категории, выплата назначается на каждого ребенка в возрасте от 8 до 17 (16 лет включительно).

Сейчас по аналогичным принципам назначаются пособия на детей от 3 до 7 лет органами социальной защиты населения.

Обратиться за ежемесячной выплатой можно будет с 1 мая 2022 года, направлять заявление ранее этого срока нецелесообразно, так как до этого срока в настоящее время рассмотрение заявлений проводится по правилам, действующим для одиноких родителей при наличии решения суда о назначении алиментов.

Ежемесячная выплата на детей с 8 до 17 лет устанавливается с 1 апреля при условии, что в апреле ребенку исполнилось 8 лет, но еще нет 17 лет.

Выплату назначат при условии подачи заявления в мае, начиная с 1 апреля 2022 года, то есть при обращении в мае первая сумма придет сразу за два месяца (апрель и май).

Заявление, начиная с мая, можно будет подать через портал госуслуг, после того как соответствующая форма появится на ЕПГУ, а также лично в ПФР или через МФЦ.

# Борьба с онкологическими заболеваниями

(Выявление заболевания на ранних стадиях)

В последнее время по ряду причин, в том числе и благодаря выявляемости, выросло количество больных онкологическими заболеваниями. По статистике 50% онкологических больных излечиваются полностью. При этом прогноз на ожидаемую продолжительность жизни в каждом конкретном случае зависит от вида онкологического заболевания. Существуют прогностически благоприятные виды онкологических заболеваний, при которых даже на продвинутой стадии и наличии удалённых метастазов, пациенты имеют шанс на выздоровление или на переход заболевания в хроническую стадию и длительную ремиссию.

К сожалению, существуют такие формы онкологических заболеваний, которые развиваются стремительно и спасти больных не удаётся. Даже, если заболевание обнаружено на начальной стадии. Сегодня появились лекарственные препараты и методы лечения, благодаря которым у больных людей появился шанс жить с таким заболеванием дольше – 10-15 лет и более. Это касается таких распространённых видов рака, как рак молочной железы, рак кишечника и другие, при условии ранней диагностики и своевременно начатого правильного лечения. Коварство этой болезни в том, что на ранней стадии она себя может никак не проявлять и первые симптомы могут появиться, когда болезнь уже распространилась в организме в запущенной стадии. Поэтому так важно периодически раз в год проходить диспансеризацию и профилактические осмотры. Шанс обнаружить болезнь на ранней стадии достаточно велик. В настоящее время благодаря диспансеризации и профосмотрам, а также настороженности врачей и самих пациентов выросла выявляемость онкологических больных. Появилась высокотехнологичная помощь для этой катогории пациентов. Каждый регион обязан обеспечить пациента с онкологией необходимыми видами диагностики и лечения. Если же такой возможности нет в данном регионе, врачу необходимо направить такого больного в конкретную клинику, где есть необходимые технологии, оборудование и узкопрофильные специалисты. При этом пациент имеет право выбора медицинской организации.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**



С 14.04.2022 г. по 22.04.2022 г. на территории обслуживания стартует оперативно-профилактическое мероприятие «Твой выбор». Проводится она в целях нейтрализации попыток вовлечения несовершеннолетних в деструктивную деятельность и противодействия проникновению в подростковую среду информации пропагандирующую насилие. ОПМ «Твой выбор» будет проводиться до 22 апреля 2022 года.

**Х. Г. ГАЗИМАГОМЕДОВА**
**Инспектор ПДН ОМВД России по Унцукульскому району, мл. лейтенант полиции**


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя и типографии |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | 51373<br>Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора 89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 4. 20. 2022 г. 16.40<br>фактически -18. 20 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |